

Kijan mwen pral fè konnen ki jan ptit mwen an ap byen mache nan yon pwogram?

Lekòl ptit ou a pral òganize konferans ant paran-pwofesè ak reyinyon pou paran ELL yo chak ane pou fè w konnen ki jan ptit ou ap mache nan lekòl la. Anplis de sa, chak prentan, yo pral pase ptit ou a Tès Anglè kòm Dezyèm Lang (English as a Second Language Achievement Test) Eta New York la. Tès sa a mezire pwogrè ptit ou a nan aprantisaj Anglè. Yo bay tout Apranti nan Lang Anglè yo ki enskri nan klas K-12 nan lekòl Eta New York yo. Rezulta yo pèmèt elèv yo, pwofesè yo, ak paran yo konprann fòs chak elèv ak domèn ki bezwen amelyorasyon, tankou pale, lekti, ak ekri. Yo itilize rezulta tès sa a tou pou detèmine si yo pral kontinye idantifye itit ou a kòm yon Apranti nan Lang Anglè nan pwochèn ane eskolè a.

Swiv Pwogrè ptit ou a

Jwenn enfòmasyon sou pwogrè akademik ptit ou a lè w enskri nan nouvo Kont Lekòl New York la (NYC Schools Account) nan **MyStudent.nyc**. Si w bezwen plis èd pou w navigate sou kont ou, kontakte lekòl ptit ou a, sipè-entandan w la, oswa rele **311**.



Fason pou enplike

- Asire ke ptit ou a ale lekòl alè chak jou, epi li pare pou aprann.
- Asire ke ptit ou a li epi konplete devwa pa li chak jou.
- Rankontre ak konseye lekòl ptit ou a pou diskite sou opòtinite kolèj ak karyè yo Li pa janm twò bonè pou planifie.
- Patisipe nan tout konferans ant paran-pwofesè yo ak reyinyon anyèl pou paran ELL yo.
- Ede ou ptit ou a jwenn yon kat bibliyotèk piblik epi vizite bibliyotèk la souvan.
- Patisipe nan atelye ak konferans pou paran ki fèt espesyalman pou ede ou pou w kapab ede ptit ou a.
- Sèvi kòm yon paran volontè nan lekòl ptit ou a.
- Kreye yon anviwònman adomisil ki bay sipò pou aprann ak etidye.
- Patisipe nan aktivite lekòl tankou pwomnad, asanble, Asosyasyon Paran-Pwofesè (Parent-Teacher Association), Asosyasyon Paran (Parent Association), ak nan reyinyon Konsèy Edikasyon Kominotè yo (Community Education Council).

Pou plis enfòmasyon:

- Pale ak pwofesè, direkètè lekòl, konseye pedagojik, kowòdonatè paran, konseye lekòl la, oswa kowòdonatè bileng ptit ou a.
- Rele nan **311** pou jwenn adrès biwo distri lokal ou a epi vizite li.
- Voye mesaj imèl bay Divizyon Apranti nan Plizyè Lang lan nan **ELLFamilies@schools.nyc.gov**.
- Vizite **sitwèb Depatman Edikasyon NYC a**.




POU PARAN
LEKÒL PRIMÈ &
SEGONDÈ YO



LANG ANGLÈ
APRANTI





**Depatman Edikasyon Vil
New York (New York City
Department of Education,
NYCDOE) pran angajman
pou bay Aprati nan Lang
Anglè nou yo yon bon jan
kalite edikasyon ki valorize
kilti yo epi ki prepare yo
pou lekòl segondè ak
siksè nan kolèj ak karyè
yo alavni. Divizyon Apranti
nan Plizyè Lang (Division
of Multilingual Learners)
Depatman Edikasyon Vil
New York la ap travay ak
fanmi yo, kominote yo, ak lòt
patnè yo pou asire elèv yo
gen aksè egal ak pwogram
ki ede yo aprann Anglè—
epi pou yo reyisi nan tout
klas yo, tankou matematik,
syans, ak syans sosyal.**

KESYON YO POZE SOUVAN



Kisa ki yon Apranti nan Lang Anglè?

Yon Apranti nan Lang Anglè (English Language Learner, oswa ELL), se yon elèv ke lang natif li pa Anglè epi li bezwen sipò pou aprann Anglè.

Kijan yon lekòl detèmine si pitit mwen an se yon ELL?

Yo egzije tout paran ak gadyen elèv ki fèk enskri yo ranpli yon Sondaj sou Idantifikasyon Lang Adomisil (Home Language Identification Survey) ki pèmèt anplwaye lekòl yo konnen ki lang pitit ou a pale lakay li. Si sondaj la montre pitit ou a itilize yon lòt lang ki pa Anglè, yo ka ba yo Tès Idantifikasyon Eta Nouyòk la pou Apranti nan Lang Anglè yo. Tès sa a mezire konesans pitit ou a nan Anglè epi li detèmine si li bezwen pwogram ak sèvis sipò yo. Si tès la montre pitit ou a bezwen sipò pou aprann Anglè, yo idantife yo kòm yon Apranti nan Lang Anglè.

Ki kalite pwogram ak sèvis ki disponib pou pitit mwen an?

Depatman Edikasyon Vil New York la ofri twa pwogram pou Apranti nan Lang Anglè: Doub Lang (Dual Language), Edikasyon Bileng Tranzisyonèl (Transitional Bilingual Education), ak Angle kòm yon Nouvo Lang (English as a New Language).



Ki diferans ki genyen ant pwogram sa yo?

Nan pwogram **Doub Lang** yo, yo anseye elèv yo nan de lang: Anglè ak lang yo pale lakay yo, tankou Espanyòl, Chinwa oswa Fransè, pou site sa yo sèlman. Objektif pwogram sa a se pou elèv yo kapab li, ekri, ak pale nan alafwa lang angle ak lang yo pale lakay yo. Nan klas Doub Lang yo, yo itilize lang yo pale lakay yo ak Anglè menm jan.

Program **Edikasyon Bileng Tranzisyonèl** la bay klas lekti, ekriti, ak lòt klas an Anglè ak nan lang adomisil pitit ou a. Pandan Angle elèv yo ap amelyore, tan yo pase ap aprann Aanglè a ap ogmante epi tan yo pase ap aprann nan lang adomisil yo a ap diminye. Yon fwa ke yo pa idantife pitit ou a kòm yon Apranti nan Lang Anglè ankò, yo pral kite pwogram lan.

Pwogram **Angle kòm yon Nouvo Lang** yo, ke yo te konn rele Anglè kòm Dezyèm Lang (English as a Second Language, oswa ESL), bay ansèyman an Anglè ak sipò nan lang adomisil elèv yo pou yo ka aprann li, ekri ak pale Anglè. Elèv ki nan pwogram sa a ka soti nan plizyè orizon lenguistik differan, epi angle ka sèlman lang komen nan mitan yo.

Ki benefis pwogram sa yo genyen?

Genyen anpil avantaj nan pwogram Apranti nan Lang Anglè yo:

- Elèv yo kapab itilize lang yo pale lakay yo pou aprann Anglè.
- Elèv yo aprann apresye differan kilti.
- Elèv ki pale de lang oswa plis gen anpil valè pou pwochen anplwayè yo epi yo pi fasil jwenn travay.

Èske mwen ka chwazi nan ki pwogram pou m enskri pitit mwen an?

Wi. Antanke paran oswa gadyen yon Apranti nan Lang Anglè, ou gen dwa pou w chwazi ki pwogram ou vle pou pitit ou a. Yon fwa ou chwazi yon pwogram pou pitit ou a, yo dwe mete yo nan pwogram ou chwazi a nan espas 10 jou apre enskripsyon an.

E si lekòl la pa ofri pwogram mwen vle a?

Si pwogram ou chwazi a pa disponib nan lekòl pitit ou a kounye a, lekòl la pral ofri w de opsyon sa yo:

Opsyon 1: Ou ka kenbe pitit ou a enskri nan lekòl aktyèl la nan yon pwogram Apranti nan Lang Anglè ki differan. Si ou chwazi opsyon sa a, lekòl la pral mete pitit ou a nan pwogram sa a imedyatman.

Opsyon 2: Ou ka transfere pitit ou a nan yon lekòl ki ofri pwogram ou enterese ak li a. Lekòl ou ye a pral travay avèk Depatman Edikasyon an sou transfè pitit ou a. Antretan, yo pral mete pitit ou a tanporèman nan yon pwogram Apranti nan Lang Anglè nan lekòl aktyèl la jiskaske transfè a fini.